



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 20/12/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 26 PWOPRIYETE KI NOMINE POU RANTRE YO NAN REJIS LYE ISTORIK NASYONAL AK ETA YO (STATE AND NATIONAL REGISTERS OF HISTORIC PLACES)**

***Sit Woodstock Music Festival la (Festival Mizik Woodstock) an premye nan lis 26 Nominasyon Istorik sa yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Konsèy Administrasyon pou Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Board for Historic Preservation) te rekòmande pou yo ajoute 26 pwopriyete, resous ak distri nan Rejis Lye Istorik Nasyonal ak Eta yo. Nominasyon yo reflekte grandè istwa remakab New York la, soti nan sit selèb Woodstock Music Festival la, pase nan Santral Idwoelektrik Niagara, rive nan legliz Romanesque Revival la nan Syracuse.

**Gouvènè Cuomo te di:** “Istwa New York se istwa peyi a epi nou antèt mezi k ap pran pou prezève sit kote gwo evènman te pase yo pou jenerasyon k ap vini yo. Nominasyon sit sa yo pral ede asire zòn nan eta ki gen patrimwàn rich sa yo pou yo rete vyab epi pou yo kapab kontinye sèvi kòm destinasyon pou atire vizitè ki soti nan tout kwen eta nou an.”

**Rose Harvey, Manm Komisyon Biwo Prezèvasyon Pak, Lwazi ak Istorik eta yo (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) te di:** “Nominasyon sa yo mete an evidans divès kalite fòs k ap fasone istwa New York la. Lè nou mete kote enpòtan sa yo nan lis sa a, sa ap fè yo jwenn rekonesans ak sipò yo merite.”

Lis Rejis Nasyonal ak Eta a kapab ede mèt pwopriyete yo modènize bilding yo, sa ka fè yo vin elijib pou plizyè pwogram ak sèvis prezèvasyon piblik, tankou matche sibvansyon eta a yo ak kredi taks federal ak eta ki disponib pou reyabilitasyon istorik yo. Lè kredi taks Biwo Prezèvasyon Istorik Eta te jere yo estimile pwosesis la, devlopè yo te investi \$550 milyon atravè tout eta an 2015 pou yo revitalize pwopriyete yo ki te nan lis Rejis Nasyonal Lye Istorik yo, pandan mèt pwopriyete yo menm te investi plis pase \$12 milyon pou yo amenaje kay yo pou ede revitalize katye istorik yo.

Rejis nasyonal ak Eta a se lis ofisyèl bilding, estrikti, distri, peyizaj, objè ak sit enpòtan nan istwa, achitekti, akeyoloji ak kilti Eta New York ak peyi a. Gen plis pase 120,000 bilding istorik, estrikti ak sit toupatou nan eta ki nan lis Rejis Nasyonal Lye Istorik, endividyèlman oswa tankou konpozan nan distri istorik yo. Mèt pwopriyete yo, minisipalite ak òganizasyon nan kominote toupatou nan eta a te pwomote nominasyon yo.

Yon fwa ofisye prezèvasyon istorik eta a apwouve rekòmandasyon yo, yo ap antre pwopriyete sa yo nan lis Rejis Lye Istorik Eta New York la epi apres a yo te nomine yo pou yo mete yo nan Rejis Lye Istorik Nasyonal la, kote yo te revize yo, epi yon fwa yo apwouve yo, yo ap rantre yo nan Rejis Nasyonal la. W ap jwenn plis enfòmasyon ak foto sou nominasyon yo disponib sou [sitwèb](#) Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik la.

Men lis nominasyon yo:

### **Mid-Hudson**

Woodstock Music Festival Site, Bethel (Sit Festival Mizik Woodstock lan nan Bethel) – Festival atizanal ak mizik twa jou sa a, ki te fèt pou lapremyè fwa, sou 600 kawo tè agrikòl ki gen bit yo nan Konte riral Sullivan lan mwa Out 1969 la, gen yon gran enpòtans nasyonal nan istwa sosyal nou tankou yon sit kote youn nan evènman kiltirèl ak sosyal ki pi enpòtan nan dezyèm mwatye 20èm syèk la te fèt.

DuBois Farmhouse, nan Poughkeepsie – Yo te konstwi l ozanviwon 1770 epi li te sibi modifikasyon ekstansiv an 1956, lè yo te rantre kouran epi mete yon kwizin depwent wo gam, li te vin tounen yon kay modèl pou Operasyon Amenajman Kay Prezidan Eisenhower a (“Operation Home Improvement”), yon nouvo inisyativ ki mete aksan sou reyabilitasyon pak imobilye ki te la deja yo olye yo fè nouvel konstriksyon.

Soldiers’ Memorial Fountain and Park, Poughkeepsie (Fontèn ak Pak Memoryal Sòlda) – Lidè kominote yo te kreye pak la an 1870 kote yo te mete ansanm acha yon tè pou fè yon pak ansanm ak yon moniman komemoratif pou veteran lokal ki te pèdi lavi yo nan Gè Sivil ak lòt gè yo.

Onderdonck-Tallman-Budke and Vanderbilt-Budke-Traphagen Houses, Clarkstown – Yo konsidere kay Onderdonck House la kòm youn nan rezidans an grè ki pi ansyen nan Konte Rockland lan, epi li sanble rive gen anprent li genyen kounye a ak do kay an de pant sa a nan kòmansman ane 1790 yo, alòske seksyon ki fèt anvan nan kay Traphagen House la date ozanviwon ane 1820 konsa.

### **Rejyon Kapital**

Bleecker Stadium and Swinburne Park, Albany – Sant Rekreyasyon an te devlope sou yon peryòd ki te dire plis pase sant an – soti nan kreyasyon jaden flè ònemantal nan ane 1860 yo rive nan finisman an pak patinaj Swinburne Park la an 1969, ki gen ladan yon nouvo konvèsyon rezèvwa epòk Nouvel Akò a pou vin tounen vin estad Bleecker Stadium lan.

Normanskill Farm, Albany – Yon seri pi gwo siksesyon sitwayen Albany te posede fèm lan ki gen ladan l kat bilding prensipal yo — Kay Prensipal la (ki te konstwi ozanviwon 1806), Kay Mill Tenement house (ki te konstwi ozanviwon 1830 kòm yon kay pou travayè yo); etab Hay Barn lan (ki te konstwi ozanviwon 1875); ak Etab Prensipal la (ki te konstwi an 1912 kòm yon etab letye depwent).

Lincoln Park, Albany – Vil Albany an te otorize kreyasyon pak la an 1890 pou ranplase yon katye malsen yo te rekonèt kòm Martinville; jodi a pak la reflekte an gran pati yon

sikilasyon ak plan pou amenajman peyizaje Achitèk Charles Downing Lay te devlope an 1913, epi li gen ladan l yon plasman beny piblik ki te fèt nan modèl estil renesans kolonyal (Colonial Revival-style) nan kòmansman ane 1930 yo.

John S. Tilley Ladders Company building, Watervliet – Bilding faktori 1916 la te kote fabrikan nechèl ki pi ansyen nan peyi a te ye, ki te fonksyone nan Watervliet depi 1855 jiskaske l te kanpe tout aktivite l yo an 2004.

## **New York Santral**

South Presbyterian Church, Syracuse (Legliz Presbitè Rejyon Sid lan) – Gwo legliz, estil renesans romen san okenn domaj (Romanesque Revival church), li te domine kwen ri West Colvin ak South Salina Streets la depi lè li te ouvè pòt li an 1907.

Lakeview Cemetery, Skaneateles – Simityè piblik sa a konbine yon ansyen ak yon nouvo simityè ki pi laj pou yo ka reponn a bezwen yon kominote k ap agrandi ki te etabli depi an 1871; ki se yon Moniman selèb Sòlda ak Maren ak yon chapèl ki fèt nan estil gotik yo te ajoute an 1895 ak 1926 respektivman.

## **Finger Lakes**

Watrous Peck House, West Bloomfield – yon egzanp ekselan fèm Kolonyal New England Watrous Peck house la te konstwi ozanviwon ane 1803, li te fè pati migrasyon Nouenglandè yo anvè lwès aprè revolisyon an lè yo t ap chache tè agrikòl ki pi laj ak pi fètil.

Waterloo Downtown Historic District, Waterloo (Distri Istorik Sant Vil Waterloo a) – Nwayo istorik vilaj la reflekte transfòmasyon Waterloo tankou yon pyonyè koloni pou vin yon moulen ak yon vilaj manifakti, epi pou l vin yon sant komèsyal ant ane 1850 ak 1880 an yo ak lòt revitilizasyon ankò epi yo te amenaje bilding ansyen yo pou yo ka kenbe estati selèb vilaj la rantre nan nouvo syèk la.

First Methodist Episcopal Church of Walworth (Premye Legliz Metodis Episkopal Walworth la) – Jodi a, yo konnen l kòm Walworth United Methodist Church, bilding sa a depi lè li te konstwi an 1872 la li te sèvi kòm yon moniman pou kominote a ansanm ak yon kote moun te rasanble pou yo adore Bondye.

## **Long Island**

The Bridgehampton Presbyterian Church, Bridgehampton (Legliz Presbitè Bridgehampton lan) – Yo te konstwi l an 1842, nan estil renesans Grèk/Federal (Federal/Greek Revival style), se twazyèm bilding legliz konsektiv ki sèvi kongregasyon sa a ki te fòme an 1660 yo.

## **Vil New York**

The Offerman Building, Brooklyn – Yo te konstwi l an 1889 -1893 nan ri Fulton Street, gran magazen estil renesans romen an (Romanesque Revival style) te pwen santral devlopman ak siksè distri vant an detay Brooklyn lan; kèk nan meyè lokatè ki pi rekoni

yo te gran magazen Martin's Department Store la, ki t ap fonksyone sou sit la soti an 1924 jiska 1979.

Silver Lake Cemetery, Staten Island – Avèk plansman kav ki date depi 1892, se te premye simityè Hebrew Free Burial Association lan (Asosyasyon Antèman Gratis nan lang Ebre) te etabli, yon òganizasyon ki devwe pou chante antèman relijiye pou manm moun fwa Jwif yo ki pa te fè pati yon sinagòg sosyete antèman.

## **North Country**

Dollar Island Camp, Inlet – Pami bilding ki pi ansyen nan vilaj la, kan ristik Adirondack camp la yon gid lokal ak otelye te konstwi an 1885 sou zile Fourth Lake island la kòm yon rezidans vakans pou yon dantis ki te moun New Haven, Connecticut.

Henry's Garage, Port Henry – Yo te konstwi l orijinalman an 1911 pou reponn a bezwen chwal ak otomobil biznis livrezon yo, yo te adapte l pou l sèvi kòm yon sal ekspozisyon, sèvis garaj ak yon establisman estokaj machin.

## **Southern Tier**

Phillips-Manning House, Coventry – Yo te konstwi l ozanviwon 1840, kay san okenn domaj nan estil renesans Grèk (Greek Revival-style) te sèvi kòm yon kay pou manm de fanmi selèb nan vilaj istorik sa yo, asavwa fanmi Phillips ak Manning.

Henry Whitney House, Whitney Point – Fèm fèt nan estil italyen (Italianate-style) san okenn domaj, Henry Whitney te konstwi l an 1855, li te yon manm nan youn nan fanmi ki te fonde vilaj la yo, epi li se dènye karakteristik ki toujou kanpe nan fèm ki yon fwa te mezire jiska fen ane 1960 yo.

## **Rejyon Lwès New York**

Lakeview Avenue Historic District, Jamestown – Distri istorik sa a gen ladan l 219 pwopriyete, ki te prensipalman rezidans, ki sou bò wout ki te yon fwa yon wout riral nan kòmansman dizivyèm syèk la, ki te transfòme delibereman pou vin tounen yon ri rezidansyèl elegan.

Mentholatum Company Building, Buffalo – Kay kat etaj sa a ranfòse bilding faktori an beton yo te konstwi an 1919 sa a, avèk lòt adisyon an 1947 ak 1966, pou sèvi kòm yon konpayi ki rele Mentholatum Company, ki se fabrikan pwodwi bote ak pwodwi sante abaz mantòl.

St. Rose of Lima Roman Catholic Church Complex, Buffalo (Konplèks Legliz Katolik Romen St Rose De Lima)– Pawas la te fòme an 1926 pou reponn a demand rezidan katye tram North Buffalo a, epi yo te konstwi yon legliz an 1965 apre kominote a vin agrandi rapid nan epòk apre dezyèm gè mondyal la (World War II).

St. Thomas Aquinas Parish, Buffalo (Pawas St Thomas Aquinas) – Yo te fòme l an 1920, pawas la gen ladan l yon lekòl pawasyal yo te konstwi an 1922, yon presbitè yo te konstwi an 1928, ak yon pi gwo legliz yo te konstwi an 1949 pou ranplase legliz orijinal

ki te la anvan, pandan kominote pawas la t ap kontinye agrandi.

Niagara Power Project Historic District, Niagara County (Pwojè Kouran Elektrik Distri Istorik Niagara) – Otorite Kouran Elektrik Eta New York la (Power Authority of the State of New York) te konstwi l ant 1958 ak 1969, eksplwa jeni 2,589 kawo tè sa a te ranplase santral idwoelektrik yon antite prive posede epi sa te chanje nati ak echèl pwodiksyon elektrisite l yo yon fason fondamantal nan rejyon Lwès New York.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418